



Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2015

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMYE FAZ ACHÈVMAN REYABILITASYON \$33 MILYON OHAV SHOLOM**

### ***Pwojè a etann afòdabilite 210 kay pou granmoun pou 50 ane***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse achèvmman premye faz \$33.5 milyon total reyabilitasyon apatman Ohav Sholom nan Albany. Pwojè a, ki te finanse gras a pwogram House NY \$1 bilion Gouvènè a, pèmèt 210-inite bilding rete a bon mache pou rezidan granmoun yo. Avèk premye faz la ki fini kounye a, 48 lokatè ki te relokalize tanporèman pandan konstriksyon an kounye a te anmezi pou retounen nan apatman renove yo.

“Ohav Sholom gen yon eritaj pou bay granmoun yo bon jan kalite lojman nan Capital Region e pwojè sa ap asire ke tradisyon an kontinye,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè reyabilitasyon chè sa ap non sèlman amelyore kalite lavi, men li pral fè konstriksyon an vin pi dirab ak aksesib pou ane kap vini yo.”

Pwojè a, ki genyen 75 djòb konstriksyon e lap konsève sèt djòb pèmanan, te byen plaifye an senk faz, kòm pou pa deplase nan fason pèmanan lokatè yo nan gwo konplèks plizyè-fanmi sa. Akòz anplè nati renovasyon yo, yo te relokalize tanporèman lokatè yo nan apatman vid nan konplèks la oswa nan pwopriyete ki toupre yo.

Pandan kat premye faz yo, travay la ap konsantre sou renove zòn rezidansyèl yo nan konplèks la epi amelyore dirabilite ak aksesibilite. Apatman yo ap genyen nouvo kwizin ak twalèt ki ekipe avèk aparèy ki klase Energy Star, ansanm avèk lòt amelyorasyon dirab entegre enkli yon nouvo sistèm HVAC ak enèji efikas domestik chofaj dlo cho pa yon nouvo etalaj vètikal solè.

Anplis, yo te renove onz inite pou konfòme avèk Lwa sou Ameriken ki gen Andikap e senk inite ap akomode lokatè yo ki gen difikilte antandman ak vizyon. Lòt travay ap gen ladan ekstansyon sistèm awozaj pou kouvri tout apatman yo, nouvo pòt ak fenèt eksteryè, nouvo twati, ak goutyè lapli, renovasyon espas kominotè ak sit travay ak asfalt enkli nouvo kloti, peyizaj, liy dlo ak dlo sal ak limyè.

Kòm faz 2 a ap pwogrese, 48 lòt apatman ap gen transfòmasyon epi akeyi plis lokatè nan prentan 2016. Tout pwojè a prevwa pou l fini nan 2017.

Pou finanse pwojè a, New York Homes and Community Renewal te bay \$15.6 milyon nan Ajans Finans Lojman (HFA) obligasyon egzansyon taks ansanm avèk \$1.5 milyon nan sibvansyon HFA. Fon Ajans Asirans Ipotèk Eta New York ap bay asirans pandan peryòd prè pèmanan ak JPMorgan Chase Bank, N.A. ap bay yon lèt kredi, enkli enterè, plis pase \$15.7 milyon. Finans Eta gen ladan tou \$2 milyon nan sibvansyon travay kay pou fanmi kap travay yo ki soti nan inisyativ NY House Gouvènè Cuomo pou kreye epi konsève lojman a bon mache. Daprè pwogram \$1 billion House NY Gouvènè a, pi gwo investisman eta nan lojman a bon mache nan plis pase yon deseni, 14,300 inite lojman a bon mache pral kreye epi konsève nan 2018.

**Komisyone New York State Homes and Community Renewal James S. Rubin said,** “Travay nou se apeprè plis pase brik, asye ak beton. Se osijè pou kenbe pwomès Gouvènè Cuomo pou bay gwo sèvis a moun eta sa a. Isit la nan Ohav Sholom granmoun sa yo ap depann sou nou pou kenbe sa tankou yon kominote ki ansekirite ak a bon mache pou yo. Renovasyon sa ap ajoute plizyè ane nan lavi konplèks sa ak deseni nan afòdabilite l. Lokatè yo rete ansekirite epi konfòtab pandan ke yo toupre fanmi yo nan yon anviwonman ki familye. E patenarya kontinye entè-ajans avèk NYSERDA, ap plis asire dirabilite alontèm nan redwi depans enèji. Travay HCR nan Ohav Sholom se yon egzanp prensipal pou gwo angajman Gouvènè Cuomo pou lojman a bon mache.”

**Rezidan Ohav Sholom Beau Greb te deklare,** “Omni te antreprann yon gwo pwojè ki se bèl bagay. Nouvo apatman sa pi bon konpare a ansyen an. Li ansekirite, akeyan, konfòtab, pwoteje—e tout bagay granmoun yo bezwen isit la nan bilding lan. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo paske lap chèche pou granmoun yo – moun ki te travay pandan tout lavi yo— epi asire ke bèl konplèks sa kounye a kontinye rete a bon mache. Lwaye nou peye isit la se pi bèl acha ozalantou.”

**Depite Paul Tonko te deklare,** “Kenbe lojman ki sibvansyone nan bon kondisyon kounye a ak nan lavni esansyèl pou yon bon jan kalite lavi pou sitwayen ak kominote nou yo. Mwen konplimante lokatè yo nan Ohav Sholom sou retou nan kay yo e

devlopman lojman Omni ak Gouvènè Cuomo pou reyalizasyon sa.”

**Senatè Neil Breslin te deklare,** “Kòm rezidan granmoun sa yo konnen, kay yo nan Ohav Sholom se trezò ke nou pat ka pèdi. Grasa pwogram House NY Gouvènè Cuomo ak angajman ak eksperyans yo nan Omni, nap kenbe lojman sa nan gwo reparasyon, avèk renovasyon fantastik epi a bon mache pou ane kap vini yo.”

**Manm Asanble John McDonald te deklare,** “Renove yon bilding nan gwosè sa se yon defi dapre pi bon nan tèm yo. Renove l avèk lokatè yo ki anplas, patikilyèman granmoun yo, prezante yon difikilte ki menm plis. Kounye a nou gen pi bon rezilta posib: moun yo ap vini lakay yo sou sa ki esansyèlman nouvo apatman, avèk enstalasyon enèji efikas ak karakteristik ak pwomès yon pwogresyon san pwoblèm pou nouvo faz rekonstriksyon an. Mwen dakò avèk Gouvènè a – sa a se yon gwo envestisman piblik nan yon resous iranplasab.”

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** “Vakans yo kapab osi stresan ke kè kontan e li agreyab pou wè jwa sa jodia nan konplèks Ohav Sholom. Pandan deseni yo sa te yon kay ansekirite ak akeyan pou anpil granmoun– yon plas pou ransableman tankou sa ak youn ki pi piti pou anpil jenerasyon fanmi. Grasa angajman Omni ak Gouvènè Cuomo pou konsève lojman a bon mache, ap gen anpil lòt opòtinite pou rasanble tankou sa isit la nan Ohav Sholom!”

**Egzekitif Konte Albany Daniel P. McCoy te deklare,** “Depi travay te rekòmanse nan mwa jen te gen yon gwo kantite pwogre enteresan ki te fèt la. Non sèlman premye apatman sa te rebati konplètman, men lokatè yo lakay yo pou fen dane a. Mwen felisite Omni pou swen ke yo te pran avèk resous e lokatè yo epi remèsye Gouvènè Cuomo pou gwo angajman l nan lojman a bon mache.”

**Majistra Albany Kathy M. Sheehan te deklare,** “Depi li te bati, Ohav Sholom te yon refij ansekirite ak bon mache pou granmoun yo ki te abite la. Konsève l se yon nesesite, e grasa bon jan kalite patnè ki te angaje tankou Omni ak detèminasyon Gouvènè Cuomo pou pwoteje epi ogmante rezèv lojman a bon mache nou, Vil Albany te kenbe yon resous presye. Se yon plezi pou n akeyi lokatè sa yo lakay yo!”

**Prezidan Ohav Sholom Steven Levy te deklare,** “Mwen kontan anpil avèk fason renovasyon an ap pwogrese. Mwen konnen ke lokatè yo ki te deplase nan nouvo apatman yo kontan. Mwen remèsye Robert, Kellie ak Stacey anlwaye nan Apatman Ohav yo, Omni ansanm avèk travayè konstriksiyon yo paske yo te asire ke pwojè sa ap avanse san pwoblèm avèk mwens enkonveyans ke posib pou lokatè yo.”

**PDG Devlopman Lojman Omni, LLC, Duncan Barrett te deklare,** “Lojman Omni Housing fyè pou l fè patenarya avèk Gouvènè Cuomo, NYS Homes ak Community Renewal ak Konpayi Lojman Ohav Sholom pou rekreye epi sipòte konplèks lojman a bon mache pou granmoun sa pou yon lòt 50 ane.”

**Prezidan ak PDG NYSERDA John B. Rhodes te deklare,** “Kòm New York kontinye ap avanse objektif anbisye Refòme Vizyon Enèji Gouvènè Cuomo, Eta ap chèche pou akselere kwasans kominote lojman enèji efikas a bon mache tankou sa a. Sa asire espas konfòtab pou viv pou rezidan yo, pandan lap ede kreye yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan ak bon mache pou tout Nouyòkè yo.”

Pou w jwenn enfòmasyon adisyonèl sou apatman Ohav Sholom yo vizite:

[www.ohavsholomaps.org](http://www.ohavsholomaps.org).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418